



OFFICE FOR CIVIL RIGHTS

DWA SOU ENTIMITE SOU ENFOMASYON SANTE W

Pifò nan nou santi enfòmasyon sou sante nou entim epi yo ta dwe pwoteje l. Se poutèt sa gen yon lwa federal ki mete règleman pou moun k ap bay swen sante ak konpayi asirans yo konsènan kiyès ki kapab gade epi resevwa enfòmasyon sou sante nou. Lwa sa a, ki rele Lwa sou Pòtablite ak responsablite nan Asirans Sante an 1996 (HIPAA), ba ou dwa sou enfòmasyon sou sante w, sa gen ladan dwa pou w jwenn yon kopi enfòmasyon w yo, asire w yo kòrèk, epi konnen kiyès ki te wè yo.

Jwenn Li.

Ou ka mande wè oswa pou jwenn yon kopi dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon sou sante w. Si ou bezwen yon kopi, Ou kapab oblige ekri demann lan epi peye pou yo kopye l epi voye li nan mèl pou ou. Nan pifò ka, yo dwe ba ou kopi w yo nan anviwon 30 jou.

Verifye Li.

Ou ka mande pou yo chanje nenpòt enfòmasyon ki pa kòrèk nan dosye w la oswa ajoute enfòmasyon nan dosye a si ou panse gen yon bagay ki manke oswa ki pa konplè. Pa egzanp, Si ou menm ak lopital ou dakò sou yon move rezulta tès ki gen nan dosye w la, lopital la dwe chanje li. Menm si lopital la kwè rezulta tès la bon, ou toujou gen dwa pou yo mete dezakò w nan dosye w la Nan pifò ka, dosye a ta dwe ajou nan anviwon 60 jou.

Konnen Kiyès ki te wè Li.

Anba lalwa, yo ka itilize epi pataje enfòmasyon sou sante w pou rezon espesyal ki pa gen rapò dirèk ak swen w lan, tankou gen garanti doktè yo bay bonjan swen, gen garanti mezon retrèt yo pwòp e an sekirite, rapòtè lè fl nan zòn ou a, oswa rapòtè jan eta a oswa lwa federal la mande sa. Nan anpil nan ka sa yo, Ou ka wè kiyès ki te wè enfòmasyon sou sante w yo. Ou kapab:

- **Aprann kijan Doktè w oswa konpayi asirans ou itilize epi pataje enfòmasyon sou sante w.**
Jeneralman, Yo pa ka sèvi ak enfòmasyon sou sante w nan objektif ki pa gen rapò ak swen w ap pran an san pèmisyon ou. Pa egzanp, doktè ou pa ka bay patwon travay ou li, oswa pataje li pou bagay tankou maketin ak piblisite, san ou pa bay yon otorizasyon ekri. Petèt ou te resevwa yon avi ki esplike w kijan yo ka sèvi ak enfòmasyon sou sante w nan dosye w la Vizit kay yon nouvo doktè oswa lè ou te gen nouvo asirans sante a, men ou ka mande pou yon lòt kopi nenpòt lè.
- **Fè doktè w oswa konpayi asirans ou an konnen gen enfòmasyon ou pa vle pataje.** Ou ka mande pou yo pa pataje enfòmasyon sou sante w ak kèk moun, gwoup, oswa konpayi. Si ou ale nan yon klinik, pa egzanp, ou ka mande doktè a pou li pa pataje dosye medikal ou ak lòt doktè oswa enfimyè nan klinik la. OU ka mande lòt kalite restriksyon ankò, men yo pa oblige toujou dakò avèk sa ou mande a, espesyalman si sa ka afekte swen w ap pran an. Finalman, ou ka mande tou doktè ou oswa famasi ou pou pa pale ak konpayi asirans sante w de swen ou resevwa owa medikaman ou pran, si ou peye nèt pou swen oswa medikaman yo epi doktè a oswa famasi a pa bezwen konpayi asirans ou an peye yo.

- **Mande pou yo rankontre w yon lòt kote apa de lakay ou.** Ou ka fè demann ki rezonab pou yo kontakte nan plizyè kote differan oswa yon fason differan. Pa egzanp, Ou ka mande pou yon enfimyè rele w nan biwo ou olye de lakay ou oswa pou li voye mèl pou ou nan yon anvlop olye de nan yon kat postal.

Si ou panse yo inyore dwa w oswa enfòmasyon sou sante w pa pwoteje, ou gen dwa pou voye yon plent ale bay doktè w, asirans sante w, oswa bay Depatman Sante ak Sevis Sosyal Ozetazini.

Pou aprann plis, vizite www.hhs.gov/ocr/privacy/.

Pou plis enfòmasyon, vizite www.hhs.gov/ocr.

Biwo Depatman Sante ak Sèvis sosyal
Ozetazini pou Dwa Sivil (OCR).

